



5 Enfòmasyon ou Bezwen Genyen Pwoteksyon kont Diskriminasyon ak Pèsekisyon ki Baze sou Prejije nan Kesyon Lwaye

- 1 **Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination - ki rele tou LAD) defann diskriminasyon ak pèsekisyon nan kesyon lwaye** ki baze sou sa yon moun wè oswa konsidere kòm ras, relijyon, peyi kote yon moun soti, oryantasyon seksyèl, si yon moun gen idantite oswa di li se yon gason oubyen yon fi, andikap, ak sous revni legal, nan pami karakteristik pwoteje yo. Defans lan aplikab pou konpayi imobilye, moun k ap lwe kote pou rete, ak lòt moun. Li vle di, pa egzanp, yon moun ki nan biznis lwe kote pou rete pa gen dwa refize lwe yon apatman bay yon moun paske li se yon Mizilman, ni yon konpayi imobilye pa gen dwa refize montre yon fanmi nwa kay ki sou mache a nan yon katye patikilye.
- 2 **Moun k ap lwe kote pou rete pa gen dwa refize lwe bay yon kliyan potansyèl poutèt "sous reveni legal" moun lan** — tankou bòdwo pou tranzaksyon li resevwa nan pwogram asistans pou lwaye nan gouvènman federal, nan Eta, oswa nan minisipalite li. Sa vle di yon pwopriyetè pa gen dwa refize lwe yon kote pou rete bay yon moun paske moun lan pral peye avèk yon bòdwo tranzaksyon Seksyon 8, oswa SRAP (State Rental Assistance Program - ki vle di Pwogram Eta pou Asistans nan Lwaye), oswa TRA (Temporary Rental Assistance - ki vle di Asistans Tanporè nan Lwaye). Lalwa defann tou ànonse nenpòt diskriminasyon oswa restriksyon konsa (tankou "Seksyon 8 pa akseptè").
- 3 **LAD defann pèsekisyon ki baze sou prejije nan kote pou moun rete.** Si yon moun viktim pèsekisyon ki baze sou prejije epi sa lakòz moun kote li ye yo montre li malviv, pwopriyetè kote li lwe a dwe pran dispozisyon nesèsè pou sispann pèsekisyon an, si li konnen oubyen te dwe konnen sa k ap pase a. Sa vle di tou pèsekisyon ki soti nan lòt lokatè, oswa ajan oubyen anplwaye pwopriyetè kote moun lan rete a. Pa egzanp, pèsekisyon seksyèl "ba mwen ma ba ou", lè administratè yon bilding mande yon moun fè lanmou oswa favè seksyèl kòm kondisyon pou li fè reparasyon - se yon bagay ki defann tou.
- 4 **Moun k ap lwe kote pou moun rete dwe fè aranjman rezonnab pou lokatè andikape.** Pa egzanp, si yon lokatè andikape montre li bezwen yon bèt lakay li kòm sipò moral pou li kapab jwenn yon chans egal pou viv avèk plezi nan kote a, moun ki lwe kote a dwe pèmèt li genyen bèt la lakay li, menm si règleman yo anpeche gade bèt, sòf si li ka montre sa ta lakòz yon gwo pwoblèm.
- 5 **Moun k ap lwe yon kote pou rete, ni konpayi imobilye yo pa gen dwa fè vanjans kont yon moun ki egzèse oubyen ki eseye egzèse dwa li dapre LAD.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan NJCivilRights.gov oubyen rele nimewo **866-405-3050**



NJ Office of the Attorney General
(Biwo Komisè Gouvènman NJ)

NJCivilRights.gov

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS